«Рассмотрено»

Руководитель МО

_______ / Гогаева У.З. /

Протокол № ___ от

«_28_»__08__2019г.

«Согласовано»

Заместитель директора по УВР
МБОУ СОШ № 40

_________ / Едзоева М.Т. /

«_17_»__09____2019г.

«Утверждено»

Директор МБОУ СОШ № 40

_________ / Вазагова З.А. /

«_17_»__09______2019г.

# Кружок

## «Ирыстон- мæ Райгуырæн бæстæ»

**Ахуыргæнæг: Бичегкуыты Н.Л.**

**Дзæуджыхъæу 2019 аз**

**ПРОГРАММÆ**
**2-аг къласы фæсурокты ныхасы рæзтыл куыстæн**
(къуыри 1 сахат, афæдзы дæргъы 34 сахаты).

Дзæуджыхъæуы 40-æм скъолайы
ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг
Бичегкуыты Неляйы

*Æмбарынгæнæн фыстæг*

Ног стандартты домæнтæм гæсгæ дыккаг ахуыры аз дарддæрддæр куыст цæуы ахуырты мидис хъæздыгдæр кæныныл. Фæсурокты архайдæн ис стыр ахадындзинад хъомыладон куысты. Ахуыргæнæг йæ сæйраг хæсыл нымайы сывæллæтты ирон адæмы традициты хуыздæр миниуджытыл хъомыл кæнын.

Фæсурокты рæстæг алы сывæллонæн дæр фадат ис йæ миддуне раргом кæнынæн; цы фæрстытæ йæм сæвзæры, уыдонæн ахуыргæнæджы æххуысæй дзуаппытæ ссарынæн; рæзы йæ психо-эмоционалон уавæр, фидардæр кæны йæ ныфс, парахатдæр кæнынц йæ зонындзинæдты авналæнтæ.

Афтæмæй дыккаг къласы дарддæр æххæстгонд цæуынц 1-æм къласы сæ размæ цы хæстæ æвæрд уыдис, уыдон.

**Къæлиндарон-тематикон план**

| № | нымæц | сах | Урочы темæ | Равзаринаг фæрстытæ | Уæлæмхасæн æрмæг |
|---|---|---|---|---|---|
| 1. | | 8<br>7.09<br>14.09<br>21.09<br>28.09<br>5.10<br>12.10<br>19.10<br>26.10 | Адæмон дзургæ сфæлдыстад.<br>- Нарты кадджытæ.<br>- Аргъæуттæ.<br>- Адæмон зарджытæ | Зонын иртасын адæймаджы хуыздæр миниуджытæ: цыргъзонд,рæстдзинад, куыстуарзон, хæрзæгъдау;<br>Нæртон лæджы æгъдау æмæ йæ ахадындзинад абоны ирон æхсæнады царды.<br>Адæмон зарджыты сæйрагдæр нысан, кæуыл æмæ цæй фæдыл арæзтой адæм зарджытæ (хъæбатырон зарджытæ, худинаджы зарджытæ,) | Чысыл исцeнировкæтæ аразын аргъæуттæ (таурæгъты) мотивтыл;<br>«Чермены зарæг», (ахуыргæнæджы фæндонмæ гæсгæ ) |
| 2. | | 6<br>2.11<br>9.11<br>16.11<br>23.11<br>30.11 | Ирон цардыуаг æмæ æгъдæуттæ. | Ирон адæмон бæрæгбонтæ, сæ нысан кæстæрты хъомылады.<br>Ахуырдзау хъуамæ зона, цы | Ирон бæрæгбонты тыххæй кинонывтæм бакæсын, Презентацийы проектыл бакусын.<br>Экскурсийы ацæуын |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | 05.04<br>12.04<br>19.04<br>26.04 | хъахъхъæнын. | кæнын ахуырдзауты Ирыстоны хъæбатырты нæмттимæ;<br>Уæлахизы бон – нæ адæмы цытджындæр бæрæгбон! | цыртдзæвæнтæм. |
| 7. | | 1<br>10.05 | Музыкалон-литературон композици ахуыргæнæджы фæндонмæ гæсгæ æвзæрст темæйыл. | | |

| № | Модулы сæргонд | Сахæтты нымæц | Аудиторон ахуырты сахæтты нымæц | Æнæаудиторон ахуырты сахæтты нымæц |
|---|---|---|---|---|
| 1. | Адæмон дзургæ сфæлдыстад | 8 | 8 | 0 |
| 2 | Ирон цардыуаг æмæ æгъдæуттæ. | 6 | 6 | 0 |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 3. | | 5<br>07.12<br>14.12<br>21.12<br>28.12<br>18.01 | Фыдыбæстæ! Дæуæй лæгæн зынаргъдæр, адджындæр<br>Нæ уыдис æмæ нæй! | горæты (хъæуы) райгуырд, уый зонын; арæхса горæты (хъæуы) тыххæй цымыдисаг хабæрттæ дзурын; йе ´мхъæуккаг зындгонд адæмы, горæты (хъæуы) уынгты нæмттæ зонын. | горæты (хъæуы) уынгты, цыртдзæвæнтæ, сквертæ, парктæм.<br>Библиотекæйы темæмæ гæсгæ лекцимæ байхъусын<br>Презентацийы проект. |
| 4. | | 5<br>25.01<br>01.02<br>08.02<br>15.02<br>22.02 | Ирыстон – аргъæутты бæстæ! | Æрдзы диссæгтыл æрдзурын,Таурæгътæ æмæ æцæг хабæрттæ æрдзон диссæгты тыххæй. Райгуырæн бæстæйы æрдзмæ уарзондзинады æнкъарæнтæ рæзын кæнын, | Литературон æмæ аивадон уацмыстæ ахуыргæнæджы равзæрстмæ гæсгæ.<br>Темæмæ  гæсгæ нывты равдыст саразын. |
| 5. | | 5<br>01.03<br>08.03<br>15.03<br>22.03<br>29.03 | Зон дæ хъæстæ! | Ирон адæмы рагфыдæлты цард, сæ царды уавæртæ, цæрæнтæ æмæ цæрæнбынæттæ, ирон мыггæгты равзæрд, мыггаджы равзæрд; мыггаджы зындгонд адæмы тыххæй радзурын зонын. | Историйы ахуыргæнæгимæ фембæлд (урок-лекци);<br>бæстæзонæн музеймæ экскурси; бинонты генеологон бæлас саразын;<br>Темæмæ гæсгæ презентацийы проект. |
| 6. | | 4 | Райгуырæн бæстæ | Фыдыбæстæйы Стыр хæсты темæйыл æрдзурын, базонгæ | Экскурси намысы бынæттæм, хъæбатырты |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 3 | Фыдыбæстæ! Дæуæй лæгæн зынаргъдæр, адджындæр<br>Нæ уыдис æмæ нæй! | 5 | 3 | 2 |
| 4 | Ирыстон – аргъæутты бæстæ! | 5 | 4 | 1 |
| 5 | Зон дæ хъæстæ! | 5 | 4 | 1 |
| 6 | Райгуырæн бæстæ хъахъхъæнын | 4 | 3 | 1 |
| 7 | Музыкалон-литературон композици ахуыргæнæджы фæндонмæ гæсгæ æвзæрст темæйыл. | 1 | 0 | 1 |

**Программæйы мидис.**

**1-аг темæ: Адæмон дзургæ сфæлдыстад. (8 сах.)**

1. Адæмон дзургæ сфæлдыстады бындурыл сывæллæтты адæймаджы хуыздæр миниуджытыл хъомыл кæнын.
2. Адæмон сфæлдыстады ахадындзинад хъомылады.

**2-аг темæ: Ирон цардыуаг æмæ æгъдæуттæ. (6 сах.)**

1. Ирон адæмы уарзондæр бæрæгбонтæ.
2. Æгъдау æмæ кад – ирон лæджы царды нысантæ.

**3- аг темæ: Фыдыбæстæ! Дæуæй лæгæн зынаргъдæр, адджындæр Нæ уыдис æмæ нæй! (5 сах.)**

1. Мæ уарзон горæт (хъæу).
2. Æз сæрыстыр дæн ме ´мхъæуккæгтæй.

**4-æм темæ: Ирыстон – аргъæутты бæстæ! (5 сах.)**

1. Адæймаг – æрдзы хъæбул.
2. «Нана мын цы диссаджы таурæгъ радзырдта!»

**Дыккаг къласы ахуырдзаутæ хъуамæ зоной æмæ арæхсой:**

- ирон адæмон зарджытæ æндæр жанртæй иртасын, зарджыты хъайтарты нæмттæ æмæ сгуыхтдзинæдтæ дзурынмæ;
- афæдзы дæргъы цы ирон адæмон бæрæгбонтæ вæййы,уыдонæн сæ сæйрагдæртæ ранымайынмæ; аргъæуттæ (таурæгътæ) радзурынмæ;
- Ирыстоны æрдзы темæйыл цы таурæгътæ æмæ цымыдисаг хабæрттæ ис, уыдон радзурынмæ;
- цы горæты (хъæуы) цæры, уый тыххæй радзурынмæ; цы зындгонд адæмтæ дзы рацыд, уыдоны тыххæй зындгонд хабар ракæнынмæ;
- ирон адæмы ргзаманты царды хабæрттæй хъуыстгонддæр чи у,ахæмтæй иу-цалдæр зонын.

**5-æм темæ: Зон дæ хъæстæ! (5сах.)**

1. Ирон адæмы рагфыдæлтæ – скифтæ æмæ алантæ.
2. «Æз мæхи ирон лæг хонын»

**6-æм темæ: Райгуырæн бæстæ хъахъхъæнын (4 сах.)**

1. Зæххыл цы стырдæр хæст æрцыд, уым ирон туг дæр ныккалд.

**7 –æм темæ: Музыкалон-литературон композици ахуыргæнæджы фæндонмæ гæсгæ æвзæрст темæйыл. (1 сах.)**

**Литературæ**


1. Цаллаев Х.К. Традиции и обычаи осетин. Владикавказ. 1996.
2. Уалыты Т. Уæлæмхасæн æрмæг ирон литературон кæсынады æмæ литературæйы уроктæм. Дзæуджыхъæу. 2010.
3. Журнал «Ногдзауы» номыртæ.
4. Ирон аргъæуттæ. Джыккайты Ш. Дзæуджыхъæу.1983